АССАЛАМУ ГӀАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№23
(9911)

РУЗМАН

19 июнь
2020 сон

27 ШАВВАЛ 1441 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство | Газета къватӀибе уна моцӀида жаниб 4 нухалъ | Багъа эркенаб

■ КОНСТИТУЦИЯ РФ

## ТӀолгороссиялъул голосование

**1 июль буго чӀезабун Конституциялда хиса-басиял гьариялъул референдум тӀобитӀулеб къолъун.**




Пачалихъалъул аслияб къанунлъун кколеб Конституциялъ бихьизарула хӀукуматалъул цӀикӀкӀунисеб кӀвар кинаб рахъалдехун буссун бугеяли. Дунялалда бищун кӀудияб нилъер пачалихъ бечедаб буго гӀадаталгун тарихалъ, къиматал сурсатаз, гӀемерал миллатаз. Гьелъ Конституциялде ва ХӀукуматалъул политикаялде тӀалабалги цӀикӀкӀарал руго.

Россиялъул Федерация гӀуцӀаралдаса ана лъебергогӀанисеб сон. Хисана заман, гӀадамазул гӀумру. 1993 соналъ референдумалда къабул гьабун букӀараб Конституциялде, жакъасеб къоялъул тӀалабалги хӀисабалде росун, хасал хиса-басиял гьари лъикӀаб букӀиналде кӀвар буссинабуна 2020 соналъул 15 январалда РФялъул президент В.Путиница Федералияб Собраниялде гьабураб ХитӀабалда.

Конституциялда хиса-басиял гьари пачалихъияб кӀваралъул иш букӀин хӀисабалде босун, гьелде гьабулеб хӀадурлъи цӀакъ мухӀканаб буго.

Пандемиялъул заманалъул хасал тӀалабалгун тартибги цӀунун, голосование тӀобитӀизе буго анкьго къоялъ - 25 июналдаса байбихьун 1 июлалде щвезегӀан.

Районалъул ТИКалъул председатель ГӀумархӀажи ГӀалиевас кьурал баяназда рекъон жакъасеб къоялде нилъер районалда вуго 20298 избиратель. 44 участокалда рагьун буго избирателазул комиссия. Голосованиялъул щибаб участокалъе гӀун нилъер районалда рачӀун руго цӀуна-къаялъул алатал (обработкаялъе растворал, маскаби, перчаткаби, халатал ва гь.ц.), избиратель рикӀкӀун хас гьарун чӀезарун руго ручкаби, маскаби ва цогидаб къваригӀарабщинаб.

Хъутабазда бугеб 3 ва рикӀкӀад ругел росабазул 3 участоказда, цебеккунго, 21 июналда байбихьула голосование. Голосованиялъул пунктalde рачӀине рес ккечӀел гӀадамаз лъазабизе бегьула жидежидер участоказул комиссиялда. ТИКалъул хӀалтӀухъаби рокъоре ун гьезул гьаракь хӀисабалде босизе буго. ХӀебда лъезе бачӀун буго 2 электронияб хӀалалда гьаркьал рикӀкӀунел урнаби.

Анкьица халатбахъун тӀобитӀулеб бугелъул голосование, хасал сейф пакетазда жанир лъун цӀунизе руго бланкал. 1 июлалъ къаси сагӀат 8 байбихьула гьаркьал рикӀкӀине.

Нилъер гражданазул жавабчилъи ва улкаялда гьарулел хиса-басиязул тӀалаб загьир гьабизе рачӀа, районцоял!

**ПатӀимат МУХӀАМАДОВА**

■ КӀУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ 75 СОН ТӀУБАЯЛДЕ

## 22 июнь- ракӀалдещвеялъул ва пашманлъиялъул къо

**79 соналъ цебе байбихьана XX гӀасруялъул тарихалда бищун вахӀшияб рагъ.**

ГьелъулгӀахьалчагӀазул къисмат, гьез нахъа тараб нух, хӀехьезе ккарабщинаб къварилъи нилъеда цебе чӀезабизе захӀмат буго. Рагъул нухаздасан гӀазукьги, цӀадакьги, ракъи-къеч хӀехьонги, тушманасда кьаби щвезабизелъун бахӀарчиял васал жидерго сахлъи ва гӀумру кьуна. Гьелдаго бащадаб къварилъи хӀехьана рагъда цересел ва рагъул саназ гьарурал лъималаз. Гьезул щивасул буго батӀи-батӀияб къисмат. ГӀемерисезе рагъул саназ лъимерлъиялъул нух къокълъана. ЧӀахӀияздаго бащад баччана гьез рагъул кьогӀлъи ва камиял. Къоялдаса-къоялде дагьлъулеб буго гьезул къадар, лъедерлъулел руго гьезул мухъал, амма гьезул бахӀарчилъи, ишал ва ракӀалдещвеял хутӀун руго нилъее мисалалъе.

**Рагъул саназул лъималазул ракӀалдещвеял цӀале 2-3 гьум.**




■ «ЦОЛЪИ»- 2020

## Бухьеналда рукӀа, хӀурматиял ракьцоял!

*«Лъай-цӀали бугев чи лъавукъасдаса рикӀкӀад гьавула щунусго соналъ»*

**Имам Гьазали**




Ассаламу гӀалайкум, хӀурматиял газета цӀалулел. ТӀаде щун буго кӀиабилеб бащдаб лъагӀалие подписка гьабулеб заман!

Анлъго моцӀие кьолеб 300 гъурщида барахщичӀого республикаялъул социалиябгун экономикияб гӀумруялъул матӀулъун жиб кколеб, анкьие цо бачӀунеб гьаб басма хъварал ракьцоял, нужее бокьун буго байбихьудаго баркала кьезе! Кидаго рекъелги, баракатги, Аллагьасул разилъиги гьарула нужее!

«Цолъи» буго, нилъер росабазул батӀи-батӀияб заманалъул гӀумруяшавалъул чваххи данделъараб къулгӀа, Шамил районалъул жамагӀаталъул гӀумруялъул 90 сонил тарих жаниб сокӀкӀунеб гьамас.

«Цолъи»- гьеб кколаро корохъ чед бежулаго рагӀарал харбазул хӀабургъараб хӀор. Ялъуни доба гӀанкӀ, гьаниб цер абун, телефоназда тирун, гьоболлъухъ рещтӀунел къватӀул харбал къватӀибе кьолеб алат.

Узухъда, районалъул казиятӀалъул хӀалтӀухъабазулги руго ватсапалги, инстаграммалги, республикаялъул СМИязда гьоркьоб цересел бакӀал кколеб сайтги. Нижги раккула гьенире, хӀисаб гьабула киналъулго. Амма цониги нижер мухбирас, къучӀ гьечӀеб хабар хъваларо газеталда, щибаб баян кьолаго мухӀканлъиги тӀалаб гьабула.

Районалъул газета ккола анцӀго чияс подписка гьабуниги азаргояз гьабуниги анкьие къватӀибе ине кколеб официалияб басма. Гьелда бахъичӀони, кигӀан кӀудияб кӀваралъулги районалъулгун росабазул администрациязул хӀукмабазул, буюрухъазул ва цогидал документазул къуват букӀунаро. Гьел гӀумруялде рахъараллъун рикӀкӀуна гьаб, печаталъулаб, халкъияб информациялъул алаталъул гьурмазда лъун хадуб.

Нилъерго газеталъулгун гьудуллъи кквеян нижер гьари, хӀалтӀухъабазе харжал кьезе гӀарац гьечӀолъиялъ, гьардухъ рахъин бугилан абулелги камуларо. Гьел гъурщаз нижер коллективги хьихьуларо, хӀурматиял.

Щибаб анкьалъ цӀиял харбазул чапарлъун нужер щивасул рокъобе рещтӀунеб «Цолъи» казиятӀалъул» анкьие бищун цӀикӀкӀараб багьа буго 13,64 гъурущ. Бикьеха гьаб 7 къоялде кколел кепкал рихьизе!

Исана 1-себ бащдаб лъагӀалил подпискадул хӀисаб гьабидал, цересел кьерда руго ясли-ахазул, школазул, маданияталъул хӀалтӀухъаби. Гьабулеб хӀалтӀулъ жанги къуватги кьеги нужее, хӀурматиял! Нижецаги хӀаракат бахъула нужер церетӀеязул, машгьурлъиялъул, ругел гӀузрабазул хӀакъалъулъ хъвазе. Лъай къеялъул ва маданиялъул темаби газеталъул гьурмазда кидаго аслияллъун рукӀанин абуни, мекъиги ккеларо. Гьанжеялдаса хадубги гьелда ризлъила газета цӀикӀкӀун хъваразул хӀакъалъулъ материалал.

Гьелдаго цадахъ, нижеда кӀочонаро росабазулъ бугеб гӀумру-яшав, церетӀеял, масъалаби рехсезе. Хасго бокьула магӀарухъ гӀумру тӀамурал нилъер хӀурматиял харабазул бицине. Щайгурелъул, гьезул лъимерлъигун, гӀолохъанлъигун, хӀалтӀул бергьенлъабигун цадахъ 90 сонил ригьалде гали тӀамуна казиятӀалъ. Амма нижергун бухьенги гьабун, газеталъе чӀаголъи кьолеб гӀахьаллъи гьабуларо нагагьабги росдал бегавулас.

ЦӀакъ загьираб, кидагосеб кӀвар кьола нижеца росдал магӀишаталде. Нилъер районалъул экономика росдал магӀишаталда хурхараб бугелъулха. Амма, хъутабазде гочун, гӀаммаб магӀишат цебетӀезабиялъе яхӀ бахъулел нилъерго росуцоязухъе казиятӀалъул хинлъи чӀвалеблъи щакаб буго. МагӀишатазул нухмалъулез гьелъул миллат гьабулеб гьечӀолъиги цебего якъинлъана нижее.

Районалда ругездасаги гӀемерго цӀикӀкӀун къватӀирехун руго нилъер ракьцоял. Рес ккараб мехалъ магӀарухъе щун, экскурсияби гьарунин абун, лъаладай лъималазда районалъул тарих, ракьцоязул яшав? Хъизаналда жанибе районалъул гӀумру рагьулеб казиятги бачӀун, гьеб цӀалиялъ пайда гурони зарал букӀинищ нилъее, хирияв ракьцоял?!

МоцӀида жаниб цониги нухалъ районалъул казият цӀалун, гьелъул пикру гьабуладай районалъул, росабазул депутатаз? Бищунго жигараб жамгӀияб хӀалтӀибе гьабизе кколел гьезул гьаракь, рищиязул заманалъ гурони, тӀубанго къун бугин ккола.

Бухьеналда рукӀа, хӀурматиял, нилъерго газеталъе ритӀухъал, соналдаса соналде ками гьечӀого гьеб хъвалел подписчикал. Хъвай нижехъе нужееего цӀализе бокьулелъул яги бокьуларелъул бицун, лъазабе нижедасан информационнияб кумек хӀажат ккараб мехалъ. Нижеца гьеб жаваб гьабичӀого телароа.

Къиматаблъун буго редакциялъе нужер щивасул кагъат, пикру.

**Аллагь разияб гӀумруги, даимаб сахлъиги нужее гьарулаго «Цолъи» газета гӀуцӀулел**

■ КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ 75 СОН ТIУБАЯЛДЕ

## ХIалтIул ва рагъул ургъелал тIаде регарал руччабазул рекIелъе дандеруссиназ дагьабго бигьалъи тIамулаан

*Аминат Давудова,*
*1933 соналъ гьаюрай, Ругъелда росу.*


Аминат Давудова

«Рагъ байбихьараб соналъ дун 8 сон барай гIадан йикIана. Гьелде щвелалдего, дагьалъ яшав лъикIлъизеян дир эмен ГIалил Давуд ва инсул вац МухIамад рукIана Баку шагьаралда бетIербахъиялъе хIалтIулел. Мех-мехалъ гьениса гьез рачIунаан ритIун посылкаби цIияб ретIел-хьитгун, амма магIарухъ ретIине бегьулел рукIинчIолъиялъ, гьел ричун росулаан росулъ рукIарал гIурус мугIалимзабаз ва тохтурзабаз.

Иргадулаб посылкаялда цадахъ бачIараб кагътидасан лъана эмен ва инсул вац Смоленск шагьаралда рагъда рукIин. Заманалдаса инсул вацасул кагъат бачIана, мацI лъалев вукIиналъ, жив ВатIаналъул къваригIелалъ Турциялде витIулев вугин. Гьелдаса хадуб тIокIаб хабар лъачIо, гIицIго рагъул комиссариаталдаса ругьел бачIана араб бакI лъачIого тIагIанин.

Рагъул заманаялъ букIана кутакаб ракъул заман. Школалде унел нижее бигьалъи букIана интернаталда хъван рукIиналъ. Гьениб къадеквенниги щолаан. Хадусел саназ кIиялго эбел-эмен ругел гьенисаги рахъана. ЦIалул къайи киназего гIураб букIинчIо, хъвадарулаан тIахьаздаго яги казияталъул чIобого хутIараб бакIалда. Цо щакъидул ручка кIиголъабгоязги хIалтIизабулаан.

«Кинабго-фронталъе, кинабго-бергьенлъиялъе» абураб ахIиялда гъоркь хIалтIулел рукIана щивав. Бажарараб кумек гьабулаан хIалтIулъ ниж гIисиназги. Нижеца бессулаан сугъур ва гьеб битIулаан ЦIоралде, гьенир рукъулаан рагъул партал. Радал школалде унаан, гьелдаса хадуб фронталъе ва госпиталазе къваригIараб гIинтIи, соно, хьвецI бакIарулаан. Гьелдаго цадахъ госпиталазе кьезе кколеб букIана хасаб къадар даруял хурдузул. Гьелдаго цадахъ рукIана ракIарулел рагъул магъалаби. Гьездаса щибаб хъизан-рукъалдаса щибаб моцIалъ кIиго килограмм нахул, росасда гьечIей яс йигони-къороллъиялъул магъало кьезе кколаан, щибаб росу рикIкIун заготовкаялде кьезе кколеб букIана гьанал хасаб къадар.

Ханжу щунгутIиялъ, буцараб тIех,бассараб чIер кваналаан. Наккдалъ нагагь мугь хутIун батани, гьеб цIидасан бищулаан. Колхозалъул боцIуда рехьлъи гьабизе щварал, хIакимчиясул хъулухъалде тIамуралгIанги роххулаан. Щай гурелъул лъагIалил ахиралда гьезие цо бече щвезе рес букIунаан. РечIчIиялъул планалдаса цIикIкIараб, тIокIлъараб рахь-хIанги нижеего хутIулаан. РакIалда буго мугIалимзаби ракъун течIогоян, гьедин щвараб нахърател огобалъул тIехалъухъ хисараблъи.

Рагъдаса черхалъе сакъатлъи ккун вуссана эмен. Бергьенлъи щвараб къоги ракIалда буго, гьеб рохалил хабар школалда линейкаялда лъазабуна. Колхозалъ хъуна кIудияб оц, бежана къого къали чадил ва тIолабго росу данделъараб лъикIаб рохалил тепси гьабуна росулъ.

Бергьенлъи босиялдаса роханиги щиб, амма жеги лъугIун букIинчIо ракъи. Гьединаб заман букIаниги, нижеца аваданго тIобитIулаан гьеб, цоцазе хIажатаб кумек гьабиги букIана гIадатлъун лъугьун. Щиб биципаниги, доб заман букIана гIаданлъи, яхI-намус гIадамазулъ цIикIкIараб. Къоялъ хIалтIарал гIолилал къаси-къаси данделъулаан гьастIа бакIазде. ГIиси – бикъинаб хIалтIи гьабулелъул (цIоросаролъ, багIаргьоло чIучIин, квас сами, чIарбида тIамулел сумалоял гьари ва гь. ц.) гьез махсаро-хочIалда, ихтилат - кепалда биччалаан заман. ЛъикIаб букIинеселде хьул тIамун, гьел тадбираз, росал, васал, вацал рагъде ине ккеялъул ургъелал тIад регарал руччабазул рекIелъе бигьалъи тIамулаан».

## Свералаби гIемераб согIаб сухъмахъ

*ХIайбат ХирамухIамадова,*
*1934 соналъ гьаюрай, Гьоориб росу.*



«Рагъ байбихьараб къо дида якъинго ракIалда гьечIо, риидалил заманаялъ ниж гIемерисел колотIа рукIунаан. Санал аралгIан пагьмуги унеб буго, кинабго ботIролъ хутIулеб гьечIо. Амма лъималазул ахIи-хIуралъ босун букIараб росулъ лъугьараб сихIкъотIиялъ, гьими гьурмаздасаги ун, чIахIиял гIадамазул кьварараб бербалагьиялъ бичIчIулеб букIана цо щибниги лъикIаб гуреб жо лъугьун букIин. Самолет боржунеб гьаракь бахъани, кIудиял рукIунаан гIодилел-чIвалел жеги рагъ лъугIун гьечIин, гьанже тушман росулъе гIунтIулев ватулин.

Рагъ букIаниги хIалтIулеб букIана школа. Печалда рекIараб лахIулъ хIулидул ручкаги ччун, хъвадарулел рукIана. Амма школалдаса хадур хIалтIизеги рахъине кколаан эбелалъе, кIодоэбелалъе кумекалъе. Рукъалъул гьитIинабго хур-ахазукь, колхозалъе тIубазе кколеб букIана харил план. Гьелъ нижер кьерилазда рагъул саназ гIезегIан гIакъуба бихьана. Щибаб моцIалъ росулъа 30 кг гьанал хIадур гьабун кьолаан. Рогьалилъ боцIи магъилъе къотIулеб заманаялъ вачIунев вукIана кIиго чи. Рученалда жанир боцIиги къан бахъулаан гьан.

Гьенибе кьезе хIайван яги гIиялъажо хъвей иргад щолаан щибаб хъизамалде. ГIанкIу бугездаса ханал, цо гIакдадаса кIи-кIи кило нахул, цо лемагалдаса цIоко кьолаан рагъухъабазе чакмаял гьаризе магъалоялъеян. Гьелъ боцIи хьихьулел дагьал рукIана.

Росасе инчIел ратани, ялъуни хъизамалда лъабго лъимер гьечIони, бахъулаан 5 гъурущ магъало. ХIалица тIамулаан заем хъвазеги. Нижер росуцояй, рагъда рос хун, щуго лъимер хьихьун йигей къоролалде тIаде лъугьана райкомалъул хIалтIухъан заем хъвазе кколин. Зоб бихъун, ракь хъалхьун бокьаралъуса кьеян абуна. Малъ къосарай гъой гIадан гьардана, бесдал лъималазе гIорцIизегIан квен чIезабизе кIоларей дида бихьараб къороллъи дур чIужуялдаги бихьагиян. Заманаялдаса гьев чиги пири речIчIун чIвана.

Дир эбелалъул лъабавго вац рагъде ана, гьел тIокIалъ тIад руссинчIо. Амма кIодоэбелалъ абулаан, гьел хун гьечIин, жинда макьилъ пленалъ росун ругел рихьанин. Гьелдаса хадуб ккана цо гIажаибаб лъугьа-бахъин.

Ниж гIумру гьабун рукIана басрияб росулъ. Рагъ лъугIилалде цебе цо сордоялъ нуцIида кIутIи рагIана. Рокъор эбелги, дунги, яцги рукIана. Эбелалъ нуцIа рагьигун, рагьтIа вихьана цо кверги гIайибияв гIолохъанчи. КъваригIараб-тараб щиб дуе гьоболин цIех-рех гьабуна. Гьес абуна жив нух къосун ккун вугин, Къелеб мухъалдаса вилъун вачIарав вугилан. Жиндие КъурчIинай абулей гIадамалъул мина-къай бугеб бакIалде щвезе къасд бугилан. Щиб къваригIел бугеб дур, гьей дир эбел кколин абуна дир эбелалъ. Гьеб мехалъ гьоболас баян гьабуна жив вугин Ругъелда росулъа, цIарги ХирамухIамад бугин ва гьелъул васгун цадахъ рагъда вукIанин. Нижер къотIи-къай букIанин, нагагь чIаго рагъдаса вуссарав цоцазул эбелалъухъе раккизе щвезеян.



Дир эбелалъул цо вац анкьго къо барай ясги тун, ун вуго рагъде. ГьитIинав вацасул, ХирамухIамадгун рагъда вукIарасул, гIагарлъиялъ къотIун букIана рукь. КIигоги рагъде анин, лъабабилевгIаги виччаларин пикру ккун. Амма гьевги, абурай ясги тун, ВатIан цIунулезул кьерде ана...тIокIалъ тIад вуссинчIо. КIодоэбелалъ, жиндир вас вихьарав гIадин,гIемер йоххиялъ ХирамухIамадида гьарун буго къаси сордо бан жинда аскIов чIаян. КIодоэбелалъул амру гьесги тIубазабун буго.

Ана моцIал, рагъ ахиралде щолеб къо гIагарлъулеблъи бичIчIулеб букIана кансиларалде рачIунел чIегIерал кагътал дагьлъиялъ. Лъукъун рагъдаса рокъоре рачIунезул къадар цIикIкIунеб букIана. МагIишат гьабизе цIакъ захIмат букIана, амма росалгун васал тIадруссинчIезе дагьабги захIмат букIана. ГIумру буго свералаби гIемераб, согIаб, нахъа тезе захIматаб сухъмахъ. РакIчIола, гIаданлъи, яхI-намус цIунун, гьеб нахъа таразде гIадамазулги Аллагьасулги лъикIаб бербалагьи букIунеблъиялда»,- ян абуна ХIайбатица бицунеб харбие ахир гьабулаго.

Давуд ДАВУДОВ

■ КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ 75 СОН ТIУБАЯЛДЕ



Гьоориб басрияб росу

## Картошкадул хъалалъулцин гьабулаан чурпа

*ГIабдулаева Муслимат,*
*1933соналъ гьаюрай, Сомода росу.*



Муслимат рос КIудамухIамадгун

«КIудияб ВатIанияб рагъул кьогIлъи лъачIеб хъизам хутIичIо. Фронталде араздаги, инчIого рокъор ругездаги рагъул заманалъ гIемераб къварилъи баччизабуна. Нижер хъизамалъулги рагъде арав дир эмен, ГIабдулаев ГIабдула нахъ вуссинчIо. Гьесул хоб бугеб бакI жакъасеб къоялде нижеда лъаларо.

Рагъ байбихьидал, 8 сон барай лъимерлъун йикIаниги, бихьарабщинаб гIазаб, къварилъи, кинабго ракIалда буго. МагIил берал цIун гурого, лъимерлъиялъул бицун бажарунаро.

Рагъул заманалъ росулъ чIахIиялги гIисиналги киналго хIалтIулаан. Лъималаз картошка бахъулаан, ролъ бакIарулаан – расандабазе заман букIинчIо. ХIазе рес кканиги, расанкIабазе ганчIал ва абундачал рукIана, хасало хъещтIезе щвей букIана кIудияб рохел.

ЧIахIиял, хурзабахъ хIалтIи лъугIидал, цIул хIадуризе унаан. Хъизан хьихьизе мех –мехалъ квен балагьизе ине кколаан цогидал росабалъе.

Доб рагъул заманалъ росдал гIадамал цо кIудияб хъизам гIадин рукIунаан – цоцалъ журан, гъункун.

Дир эбел РахIимат хIалтIулей йикIана колхозалда. Цо заманалъ гIел бащадалгун гьел окопал рухъизе ритIулел рукIана. Свакан рокъой щведал, кьижизе хIалхьи толароан аскIобго гIадин ригIулел кьвагьи – гIанхъиялъул гьаркьаз.

Кванил нигIматаздасан росулъ чед гьабизе ролъ щолароан. ГIемерисезул квен картошка букIана. Гьелъул хъалгицин гIодобе рехулароаан–бежун, ялъуни чурпа гьабун кваналаан. Рииялъ мичIчIил ва цоги батIиял чIахIазул чурпаби гьарун рукIунаан. Хасалиде чIахIал ракъвазарун, квание нахърател хIадурлъулаан.

КIиго – лъабго къоялъ квенги щвечIого, ракъуца кIвекIараб заманги ракIалда буго. Гьелъ нижеца лъабго-ункъго нухалъ квен гьабичIого гьанал рукьби гIодоре ралароан. Рагъ лъугIун гIемер сонал аниги, кванил кутакалда хIурмат гьабула нижер рокъоб, лъималги дица гьедин куцана.

Гьанжесеб гIелалъ гIиси-микъинал гIузраби кIодо гьарун рициндал, нагIана батаяб рагъ гьечIелдаса нахъе бокьараб къварилъи хIехьон бажарунин абула дица.»

Марьям МУСАЕВА, Сомода росу

## Руччаби къватIир рахъунеб хасаб заман чIезабун букIана

*МухIамадова ПатIимат МуртазагIалиевна,*
*1925 соналъ гьаюрай, Микьигьориб росу.*
*(Гьелъул ясалъул яс МухIамадова Рукъиятица кIодоэбелалъул рагIабаздасан бицараб)*



ПатIимат МухIамадова

«Рагъул заман байбихьилалде лъагIелалъ цее эбелги хун хутIана нижер хъизам.

16 сон букIана КIудияб ВатIаниб рагъ байбихьараб мехалъ. Эмен ана фронталде. Рокъой бищун кIудияй диде тIаде ккана гьитIинал 6 яц-вацазул тIалаб. КIудияб хъизам хьихьи лъугьана гIумрудул аслияб масъалалъун. ЦIакъ мукъсанаб чадил кесекалъе гIоло, тIубараб къоялъ хIалтIулаан колхозалда. Заман букIана цIакъ захIматаблъун. ТIубараб росу хIалтIулаан, цо – цо мехалъ щвезего щолареб чадихъ. Кваназе щолароан щибго жо. Вакъиялъ хвана кIиго лъагIел барав бищун гьитIинав вац. Ниж хвасар гьаруна хаслихълъиялъ. ЦIорораб хасало ниж унаан цогидал росабалъе, квен балагьизе.

РетIулеб ретIел мукъсанаб гурого гьечIолъиялъ, чIезабун букIана заман, руччаби къватIир рахъунеб. Гьеб заманалъ бихьиназе рокъоса къватIире рахъине гьукъун букIана. Цебе гIадинаб гIумру–яшав тIад буссиналде хьул букIана киназулго».

ПатIимат ИМАНГIАЛИЕВА,
Микьигьориб росу

## 6-7 класс лъугIарал цIалдохъаби тIамулаан учительзабилъун

*СагIадуева Дайгьанатица чIахIиязул рагIабаздасан бицараб, Гьоориб росу.*



СагIадуев МухIамад

Улкаялъулго цониги хъизам, цониги рукъ гьоркьоб течIел рагъул кьогIал къояз нижер Гьоориб росуги гIезегIан кIвекIана. 146 чи ана Гьоориса КIудияб ВатIанияб рагъде. Нахъ вуссинчIо 67 чи.

Дир вакьад, мунагьал чураяв СагIадуев МухIаммад СагIадуевичги вукIана рагъул ветеран. ГIемераб бицунаан гьес рагъул заманалъул. Амма хъвачIого, хадусеб гIелалъе цIуничIого хутIана гьесул ракIалдещвеял.

Росулъ хутIарал лъималаз, гьанжесел чIахIияз, бицуна лъидаго лъимерлъи бихьичIин ва лъачIин. ТIолабго заман гьез тIамулеб букIун буго ах – хуралда хIалтIулаго.

Ракъиялъги квачалъги гIемерал гIадамал хвана росулъ гьел саназ.

Бищун цIикIкIараб захIмалъи руччабазул гъуждузда букIана. Къасикъад чIечIого хIалтIизе кколаан хъизамал хьихьизе, гьелдаго цадахъ фронталъе къваригIараб чIезабиялъе. Рагъухъабазе ритIизе квасул форма букъулаан нижер росулъа руччабаз.

Школалде хьвадулел цIакъ къанагIат рукIун руго.

- ТIахьал гIолел рукIинчIо киназего, тетрадал рукIинего рукIинчIо. Хъвадарулаан газетазда. Ручкаби нижецаго гьарулел рукIана, цIулал гIучIазул. Щакъиги печалдаса лахI босун гьабулаан. Школалда дарсал кьезе учительзаби гьечIого 6-7 класс лъугIарал цIалдохъаби тIамулаан учительзабилъун,-илан бицунаан кIодоэбелалъ.

ПатIимат САГIАДУЕВА,
Гьоориб росу

**P.S.** Рагъул заманаялъ лъимерлъуда рукIарал росабалъ гьечIого рукIунаро. Редакциялъул гьари буго гьезул ракIалдещвеял нижехъе ритIеян. Казияталъул тIанчал цIезариялъе гIоло гуро, метер гьелги цересан ун хутIараб мехалъ, наслабазухъе кьезе тарихалъул хIужжаби рукIине. «Аралда мал бани, бачIунелъ гIарада бала» -ян аби бугелъул.



Ругъелда росу рагъул заманалъ



Рагъул заманалъ бачIин цIунулел рукIарал гьорал

■ ЗИГАРА

## ХIамзатов Багьавудин ХIамзатович



Хирияб Рамазан моцIалъул ахиралда нилъедаса ватIалъана врач, жамгIияв хIаракатчи ва лъикIав инсан ХIамзатов Багьавудин ХIамзатович.

ХIамзатов Б.ХI. гьавуна 1935 соналъ Шамил районалъул ГIуриб росулъ.

1949 соналъ Чачаназул Нажавюрт районалъул Гилани росулъ 7классги лъугIизабун, Багьавудин цIализе ана Казбек районалъул Ленинаул росулъе. Гьениб школа лъугIарабго, цIализе лъугьана Хасавюрталъул медучилищелде. ЦIали лъугIарабго хIалтIана нилъер районалъул МикьигьорибM медпункталъул заведующийлъун.

1964-1969 соназ гьев цIалана Дагъистаналъул медицинаялъул институталда.

1969-2006 соназ Багьавудин хIалтIана ХIебда росулъ больницаялъул ЛОР врачлъун. Гьес гьединго заочно цIалун лъугIизабуна Саратовалъул юридикияб институт.

КъогогIан соналъ вукIана районазда гьоркьосев судмедэкспертлъун.

Багьавудин кколаан тIадегIанаб категориялъул тохтур, Россиялъул ва Дагъистаналъул мустахIикъав врач.

Пенсиялде ун хадув, гьес мухь босичIого рокъор къабул гьарун, чанги унтарал сах гьаруна.

Багьавудин-хIажи ХIамзатов вукIана жамгIияв хIаракатчи, захIматалъул ветеран, районазда гьоркьосеб потребителазул ихтияр цIуниялъул общественнияв нухмалъулев.

ТIолабго гIумру гьес кьуна халкъалъе хъулухъ гьабулаго, гIадамазул тIалаб гьабулаго, гьезул хIажат тIубалаго. Ахирисел соназ гьесул къалмикьан къватIибе бачIана анцIгоялдасаги цIикIкIун иман-исламалъул, устарзабазул, нилъер районалъул ва республикаялъул лъикIал гIадамазул хIакъалъулъ асарал.

Махщел бугев тохтур, жамгIияв хIаракатчи ва лъикIав инсан Багьавудин-хIажи нижеда кидаго ракIалдаса инаро. Гъваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго гьесул гIагарлъиялда ва ГIуриб росдал жамагIаталда. Аллагьас гьев ахираталъул рукъалдаса вохун ватайги.

Районалъул цIикIкIараб гIелалъул рахъалласа М. ГЪАЗАЛИЕВ

■ ИНФОРМАЦИЯ ДЛЯ ГРАЖДАН

## Внимание!
## ПРОЕКТ «ПРЯМЫЕ ВЫПЛАТЫ» с 1 ИЮЛЯ 2020ГОДА!
### (памятка для работающих граждан)

С 1 июля 2020 года ГУ–региональное отделение Фонда социального страхования Российской Федерации по РД будет назначать и выплачивать напрямую работающим застрахованным гражданам на их лицевой счет в банке или по почте.

ВИДЫ ПОСОБИЙ:
- по временной нетрудоспособности (в том числе в связи с несчастным случаем на производстве и профзаболеванием);
- по беременности и родам;
- при постановке на учет в ранние сроки беременности;
- при рождении ребенка;
- ежемесячное по уходу за ребенком (до 1,5 лет);

а также,
- осуществлять оплату дополнительного отпуска пострадавшему в связи с несчастным случаем на производстве.

КАК ПОЛУЧИТЬ ПОСОБИЕ?
- Представить работодателю документы, подтверждающие право на получение пособия, и написать заявление по форме, утвержденной Приказом ФСС РФ (внимательно заполняйте все реквизиты, указанные в заявлении!).
- Удостовериться, что работодатель передал документы в течение 5 календарных дней в ГУ- регионального отделения Фонда социального страхования РФ по РД для оплаты.
- При условии представления всех документов региональное отделение Фонда социального страхования РФ назначит и перечислит пособие в течение 10 календарных дней.
- Пособие поступит к Вам на лицевой счет в банке или по почте по Вашему выбору.

## ГУ-региональное отделение Фонда социального страхования Российской Федерации по РД

### УВАЖАЕМЫЕ РАБОТОДАТЕЛИ!

В соответствии с Постановлением Правительства РФ от 21.04.2011 г. № 294 (в редакции от 22.12.2016г. № 1427) **с 1 июля 2020 года** на территории Республики Дагестан начинает действовать **проект «ПРЯМЫЕ ВЫПЛАТЫ»**, предусматривающий выплату пособий работающим (т.е. застрахованным) гражданам непосредственно Фондом социального страхования РФ. **С целью оптимизации перехода от зачетной системы на систему непосредственного назначения и выплаты страхового обеспечения ФСС РФ, убедительно просим Вас провести подготовительную работу:**

1. Довести до сведения работников новый порядок выплаты пособий по социальному страхованию.

2. Проинформировать работников о возможных способах получения пособий: на лицевой счет или почтовым переводом.

3. **До 30 июня 2020 года** запросить заявления о выплате пособий, установленной формы, от работников, находящихся в отпуске по уходу за ребенком до 1,5 лет и являющихся получателями ежемесячного пособия по уходу за ребенком на дату начала реализации проекта.А также:

**Довести до сведения данных получателей об изменении срока получения пособия:** первоначальная выплата ежемесячного пособия по уходу за ребенком осуществляется в течение 10 календарных дней со дня получения документов для назначения пособия или электронного реестра. Последующая выплата ежемесячного пособия по уходу за ребенком осуществляется ГУ- РО ФСС РФ по РД с 1 по 15 число месяца, следующего за месяцем, за который выплачивается такое пособие.

4. Заблаговременно подготовить и проверить документы или реестр сведений на электронном носителе в отношении лиц, которым ежемесячное пособие по уходу за ребенком назначено до 1 июля с указанием месяца последней произведенной выплаты.

**Более подробно ознакомиться с пилотным проектом «Прямые выплаты» можно на сайте ГУ-регионального отделения ФСС по РД**
**www.r05.fss.ru,**
**где размещены нормативно-правовые документы, формы заявлений, презентации и другая полезная информация.**

**ВАЖНО!**

Постановлением Правительства РФ от 21.04.2011 № 294 (ред. от 22.12.2016г. № 1427) установлена обязанность страхователя-работодателя:

**в 3-дневный** срок направить в территориальный орган ФСС уведомление о прекращении права застрахованного лица на получение ежемесячного пособия по уходу за ребенком в случае:
- прекращения с ним трудовых отношений;
- начала (возобновления) его работы на условиях полного рабочего дня;
- смерти его ребенка, либо лишение родительских прав;
- очередной ежегодный отпуск лица, работающего на условиях неполного рабочего времени;
- начала отпуска по беременности и родам (если находится в отпуске по уходу за ребенком до 1,5 лет);
- иных случаях прекращения обстоятельств, наличие которых явилось основанием для назначения и выплаты соответствующего пособия.

■ ОБЪЯВЛЕНИЯ

***

**Утерянный аттестат за номером серия 05 ББ №0102089, выданный Ашалмагомедовой Марьям Ибнубакаровне 30.01.1994г.р., об окончании в 2009г. МКОУ « Митлиурибская ООШ» Шамильского района РД, считать недействительным.**

***

**Утерянное свидетельство о восьмилетнем образовании за номером А 033427, выданное Гаджиеву Хадисхажи Магомедовичу 11.09.1972г.р., об окончании 8 классов в 1988г. «Советской средней школы» Шамильского района РД, считать недействительным.**

## О проведении конкурса по продаже права на заключение договора аренды земельного участка

**Администрация МО «сельсовет Урадинский» Шамильского района РД сообщает о проведении конкурса 20 июля 2020 года по продаже права на заключение договора аренды земельного участка с кадастровым номером 05:33:000089:202 категорией земли сельскохозяйственного назначения с разрешенным использованием для ведения крестьянского фермерского хозяйства, расположенное по адресу: РД Шамильский район, с. Урада, в местности «Ручдух».**

**Форма подачи предложений о размере арендной платы: закрытая.**

**Площадь земельного участка 10000+/-70 кв.м. заявления об участии в конкурсе принимаются в течении месяца со дня опубликования данного объявления по адресу : РД Шамильский район с. Урада ул. Танкаева, д. 10.**

## Объявление о проведении конкурса по продаже права на заключение договора аренды земельного участка

**Администрация МО «сельсовет Урадинский» Шамильского района РД сообщает о проведении конкурса 20 июля 2020 года по продаже права на заключение договора аренды земельного участка с кадастровым номером 05:33:000089:201 категорией земли сельскохозяйственного назначения с разрешенным использованием для ведения крестьянского фермерского хозяйства, расположенное по адресу: РД Шамильский район с. Урада в местности «ЦIунцIрахIорих».**

**Форма подачи предложений о размере арендой платы: закрытая.**

**Площадь земельного участка 500000+/-495 кв.м. заявления об участии в конкурсе принимаются в течении месяца со дня опубликования данного объявления по адресу: РД Шамильский район с. Урада ул Танкаева , д. 10.**


ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ
П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГI. НурмухIамадова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
П.Ибрагьимова

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана "ЦIияб канлъи" ва "БагIараб цIва" абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул "ТУП РГЖТ" типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрована Министерством РФ по делам печати, телерадиовещания и средств массовых коммуникаций Южного окружного межрегионального территориального управления. Регистр.ПИ№10-4593.

Графикалда рекъон печаталде къураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде къураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данделъолеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественностальъ къимат кьезелъун.
Нижер электрониЯб почтаялъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI № 50